



Sa ou dwe konnen sou:

Kontwole maladi Opresyon ak Sitiyasyon Pa W

Se pou w defann pwòp sante pa w!

Sèvi ak asirans Medicaid la pou ede w rete an sante.

Avantaj Medicaid sa yo ka ede w byen jere opresyon an:

- **Vizit kay doktè**, kidonk ou ka pale ak doktè w sou kijan ou santi w epi kreye yon plan ki bay fason pou kontwole opresyon an.
- **Medikaman ak Ponp** pou ede w kontwole sentòm opresyon ou yo.
- **Vizit Lakay pou opresyon**, si doktè w voye papyè pou sa, pou ede w idantifye koz yo epi pou ranfòse kapasite w genyen pou jere opresyon an.
- **Sèvis Fòmasyon pou jere Opresyon Poukont ou**, se doktè ki lisansye epi ki sètifye ki bay fòmasyon sa yo pou ede w aprann sa w ap bezwen fè pou jere maladi opresyon an.

Si ou gen kesyon sou fason pou w itilize avantaj ou yo, rele nimewo telefòn ki sou kat Medicaid ou an.

KONPRANN MALADI OPRESYON

Èske ou te konnen...?

- Opresyon se yon maladi kwonik ki afekte poumon yo.
- Maladi opresyon lakoz vwa respiratwa ou yo vin anfle epi kwense, sa ki fè li difisil pou respire.
- Bagay ki lakoz maladi opresyon moun plis konnen yo gen ladan fimèn, bèt anndan kay ki gen plim, pousyè, mous (kanni), ak kèk pwodui chimik. Bagay ki lakoz maladi opresyon yo pa menm pou chak moun.
- Lè se bagay tankou fimèn, pousyè, oswa limon ki antre nan vwa respiratwa ou, yo ka lakoz ou fè yon kriz opresyon. Lè w fè yon kriz opresyon, ou ka santi pwatrin ou sere, ou ka touse oswa ou ka fè ti bri lè w ap respire, epi ou ka gen difikilte pou w respire.
- Si ou pa byen jere opresyon an, li ka redui sou byennèt ou. Li ka mete lavi w an danje tou si li fè w gen gwo difikilte pou w respire.
- Menmsi pa gen gerizon, ou kapab fè kèk bagay pou kontwole maladi opresyon! Moun ki fè maladi opresyon ka viv an sante epi kontinye fè aktivite yo.
- Nan Eta Nouyòk, nou kalkile yon adilt sou 10 (1.65 milyon adilt) ak 1 timoun sou 12 (apeprè 360,000 timoun) fè opresyon.¹

JERE MALADI OPRESYON

Kisa ou ka fè?

- Planifye epi kenbe vizit ou genyen ak doktè w yo.
- Mande doktè w pou l kreye avè w yon plan* ki bay fason pou kontwole opresyon an. Itilize plan an pou kontwole sentòm ou genyen yo epi pou jere opresyon an.
- Swiv konsèy doktè w ba ou pou pran medikaman epi pou sèvi ak ponp ou an. Swiv konsèy sa yo pou kontwole sentòm opresyon ou an, menm si ou santi w byen.
- Rekonèt epi redui ekspozisyon w a bagay ki ka lakoz pwoblèm opresyon.*
- Fè demach pou redui bagay ki lakoz pwoblèm opresyon lakay ou.
- Poze doktè w kesyon sou Fòmasyon k ap ede w jere Opresyon Poukont ou epi èske w kalifye pou w resevwa vizit lakay pou maladi opresyon.
- Si pitit ou fè opresyon, kreye yon plan ak doktè pitit ou ak manm direksyon lekòl li pou kapab jere opresyon an nan lekòl la.*

1. https://www.health.ny.gov/statistics/ny_asthma



Idantifye epi redui ekspozisyon w a bagay ki ka lakoz pwoblèm opresyon.

*Itilize resous sou plan ki bay fason pou kontwole opresyon, Trakè pou idantifye koz Opresyon, ak Gid pou Lekòl nan

<https://health.ny.gov/diseases/asthma/brochures>